


# Yon prensip jesyon

## Dèt



**“Pa retade peman dèt ou, pa di “m a peye yon lòt lè”, si w kapab peye jodi a.” Pwovèb 3:27**

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Malgre anpil moun pa konsidere prete lajan kòm yon prensip pozitif nan wayòm Bondye, li genyen valè e yo ta dwe aksepte l pou efè jeneral li genyen sou nou pèsònèlman. Yon bon bagay sou zafè prete sèke li se yon siy imilite paske prete—kit sete lajan oswa pwodui ousinon mande èd—fè nou konnen nou pa zifizan tèt nou. Prete mete nou tou nan yon pozisyon responsab; nou dwe yon bagay. Sa ede youn respekte lòt ak bezwen nou genyen pou nou etabli bonjan relasyon ak lèzòt. Epitou, lavi jan Bondye te konsevwa li pa t pou nou te sifizan tèt nou men pou nou te aprann travay ansanm epi pou youn te depann de lòt—kit se te lafanmi, kominote ousinon kamarad travay.

Pwovèb sa a konsènen plis dèt ki se lajan yo prete nou, men prete se yon prensip ki pi laj ke nou kapab aplike nenpòt kote epi ki vin jwenn nou sou fòm bezwen nou genyen. Sa mande imilite pou yon moun mande èd, sipò pèsònèl ousinon prete lajan. Genyen bagay nou kapab fè pou etabli bonjan kredi nanmen lòt moun: se—

1. Koumanse ak ti sèvis oswa ti prè piti. Ti prè say o oswa ti sèvis sa yo se t a pou bezwen pratik ak bonsans. Pa mete moun ki pretew oswa zanmi nan yon sityasyon pou yo genyen dout sou entansyon w oswa kapasite pou remèt yo sa fo fè pou ou oswa kòb yo prete w. Mande sa w beswen byen klè epi eksplike kijan w konte respekte angajman w oswa remèt kòb. Kit se te lajan, pwodui oswa lòt sèvis.

2. Toujou peye alè epi respekte angajman w.

Peye alè se yon prensip ki enpòtan, non sèlman pou peman oswa sèvis, men tou kòm you mak karaktè. Sa montre ou responsab epi li bawou yon bon nòt. Moun toujou atann ke w ap peye men sa ki bay respè ak konfyans se peye alè. Sa montre repitasyon w enpòtan anpil pou ou pou lajan w va bezwen prete pidevan ak favè tou. Levanjil di konsa “Pa retade peman dèt.” Si w kapab peye, peye. Règ la se pou nou ta peye dèt nou leplivite posib. Mande moun ki te ede w “eske genyen yon bagay mwen kapab fè” anvan ke se yomenm ki mande w. Sa montre kouman w prese epi w deside pou elimine dèt ou. Lè w resevwa yon kòb oswa w gen tan, peye sèvis oswa lajan yo te prete w. Pa ale depanse lajan nan achte bagay ou pa bezwen. Se sa ki aprann ou endepandans finansyè ak otosifizans. Sa bay ògèy ak egoyis. Ou pa kapab byennere pandan w endepandan. Nou te fèt pou nou viv youn ak lòt. N ap toujou dwe Bondye ak zanmi epi moun ki enkyete pou nou. Donk pa genbe favè yo fè w.

3. Kominike byen si w genyen yon pwoblèm pou respekte angajman w.

Genyen de moman kote noutout kapab genyen pwoblèm pou nou respekte angajman nou epi peye alè. Sityasyon ki pa kouran gendwa fè nou fè bak finansyèman oswa emosyonèlman epi vin lakòz nou anreta. Preske tout bankye oswa zanmi pa enkyete si nou genyen kèk mwa reta si nou konnen kijan pou nou kominike ak yo. Yo va respekte nou pou tèt nou te vin eksplike yo sityasyon nou. Sa bati konfyans ak amitye dirab. Donk se pou nou responsab. Pa bliye nou rekòlte nan lèzòt sa nou simen lakay yo. Kondizyon an se—li difisil pou nou mande zanmi prete si nou pa t genyen konfyans yo.

*Prensip sa a se youn nan pwogram yon lane devlopman karaktè:*

**Fondasyon Pou Sikse.**

### Panse pou medite:

Plis nou vin genyen sikse plis nou rekonèt nou pa ta p janm kapab rive la poukont nou.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete